



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## Rekonesans pou Fritz ULYSSE, Direktè Administrasyon AKA !



Akademi Kreyòl Ayisyen, plonje nan yon lapenn ki kreye yon gwo vid, depi 2 fevriye 2024, yon dat madichon ki pote ale, Administratè enstitisyon an, Fritz ULYSSE. Nouvèl sa a kreye yon gwo chòk lakay tout anplwaye, Akademisyen ak lòt zanmi Akademi an ki te konnen Fritz ULYSSE.

Depi Novanm 2015, M ULYSSE antre nan Akademi an, li pa janm sispann bat tèt li, atravè kontak li genyen nan Ministè Ekonomi ak Finans (MEF), kote li te pase pifò tan nan vi li ap travay, pou li te kapab jwenn mwayen pou Akademi an fonksyone. Pafwa, lè dosye yo bloke, pifò moun pèdi lesawa, Fritz Ulysse te toujou la pou li bay

espwa: “*Pa bay tèt ou pwoblèm, mwen pral jere sa*”. Nan pifò ka yo, li toujou konn sa pou li fè pou dosye Akademi an pa soufri nan MEF.

Fritz ULYSSE, kòm premye Direktè Administratif Akademi Kreyòl Ayisyen, poze anpil bèl pyon k ap rete remakab nan lavi enstitisyon an. Kòm kad siperyè, Fritz ULYSSE te bay tout li menm, ak anpil detèminasyon pou li te ede Akademi an vanse sou chemen misyon Konstitisyon 1987 la konfye li. Se te yon moun pozitif, optimis, ki te wè pati ki pozitif nan lavi e li te toujou pataje santiman sa a bay tout moun ki te konnen li. L ap difisil pou yon moun kwaze Direktè Fritz Ulysse pou li pa ba w yon blag, li toujou ap ri ak fè moun ri, paske se te yon moun ki te renmen lavi.

Domaj, se nan 10èm ane Akademi Kreyòl Ayisyen an, Direktè Fritz ULYSSE kite nou, paske li te kapab fyè pou li di, lè li te rive nan AKA nan lane 2015, Akademi an pa te genyen kay, men li mete men nan pat la pou AKA gen yon kay nan Taba 68 ak yon teren nan Mòn Blan nan vil Gonayiv, epi pou pou li fè sèvis Administrasyon biwo a mache. Reyalizasyon sa yo, se travay chak gress moun nan Akademi an. Men san di petèt, kòm Administratè, li te jwe wòl li selon nivo li. AKA rekonèt se gras ak vijilans Direktè ULYSSE, anplwaye yo rive jwenn yon sipò finansye menm jan ak anpil lòt enstitisyon nan Administrasyon piblik la.

Akademi Kreyòl Ayisyen vle di fanmi Direktè Fritz ULYSSE mèsi anpil pou kalite moun sa a li te bay AKA ak peyi a. Fanmi an kapab fyè, menmjan Fritz ULYSSE te fyè anpil de fanmi li, de pitit fi li, sitou frè li yo, li toujou ap site kòm egzanp.

Akademi Kreyòl Ayisyen melanje vwa tout anplwaye, Konsèy Administrasyon an, Akademisyen ak Konsèy konsiltatif la ki ap viv disparisyon Direktè Fritz ULYSSE la ak anpil chagren, pou li swete pitit fi Direktè a, li te renmen anpil anpil, fanmi, zanmi ak tout lòt moun lanmò sa a plonje nan chagren ak lapenn, kondoleyans ak kouraj.

**Direktè Fritz ULYSSE ap rete nan memwa nou nan Akademi Kreyòl Ayisyen.  
Direktè, AKA p ap janm bliye ou!**